


R. M. SULARDI

# PRINTJÉNING GAMBAR RINGGIT PURWA



BALAI PUSTAKA — KEM. P.P. DAN K.

Geno. Soe Taur To.

# GAMBAR PRINTJÈNING RINGGIT PURWA

KARANGANIPUN

R. M. SULARDI

SURAKARTA



G. SOETARTO

TAMANSARI 59/—

BANDUNG

BALAI PUSTAKA  
KEMENTERIAN P.P. DAN K.  
1953

Rp 12,50



B. P. No. 1920  
WEWENANGIPUN PANGARANG  
SINENGKER ING ANGER-ANGER

## I S I B U K U

	katja
Bebuka sekeng Balai Pustaka .....	3
Bebuka saking Pangarang .....	4
Bab kadjenging wanda lan kagunan .....	7
Dajaning kagunan .....	7
Silah silahipun wanda .....	8
Antawatjana lan wanda .....	8
Nerangaken pérang-péranganing adegipun badan ringgit .....	9
Njumerepi golongoning ringgit .....	9
Bab mripatan .....	11
Gambar	12
"    I. Mripatan tuwin irung-irungan .....	12
"    II. Tjangkeman .....	13
"    III. Praéan warni-warni .....	14
"    IV.     " denawa .....	15
"    V.     " keṭek .....	16
"    VI.     " déwa .....	17
"    VII.     " warni-warni .....	18
"    VIII.     " Kurawa tuwin denawa .....	19
"    IX.     " Irah-irahaning sirah, gelung sapanunggilanipun .....	20
"    X.     " Gelung saha pangageman putri .....	21
"    XI.     " Gelung satrija warni-warni .....	22
"    XII.     " Djangkang, makuṭa tuwin topong .....	23
"    XIII.     " Keṭu tuwin gelung putri .....	24
"    XIV.     " Kelat-bau .....	25
"    XV.     " Dridji warni-warni .....	26
"    XVI.     " Gegeman tuwin gelang .....	27
"    XVII.     " Panganggé tumrap ing badan .....	28
"    XVIII.     "     "     "     " .....	29
"    XIX.     "     "     "     " .....	30
"    XX.     " Badan warni-warni .....	31
"    XXI.     " Sléndang, sarira, ulur-ulur tuwin kalung .....	32
"    XXII.     " Suku warni-warni .....	33
"    XXIII.     " Rapékan tuwin dodot .....	34
"    XXIV.     " Bokongan .....	35
"    XXV.     " Sléndang sapanunggilanipun .....	36
"    XXVI.     " Sumping tuwin djamang .....	37
"    XXVII.     " Kelat-bau, kalung tuwin sumping .....	38

## BEBUKA SAKING BALAI PUSTAKA

Buku-buku wedalan Balai Pustaka bab ringgit Purwa pinanggih sampun sarwa mepeki, kañah ingkang rinengga ing gambar ringgit. Dados tumraping para maos ununganipun dateng kawruh babagan punika pinanggih rangkep, inggih mangertos dateng tjetjarijosanipun inggih uninga dateng wudjudipun ringgit. Ladjeng kawewahan malih buku Natah sarta njungging ringgit watjutjal, punika saja ndjembaraken kawruh ing bab punika.

Ewa samanten pepaking buku-buku wau ugi taksih wonten kutjiwanipun, amargi tumraping kawruh ing bab ringgit taksih kirang menggah tjatjah pepéranganipun, upami : Gañutkatja punika irung-irunganipun punapa, Ardjuna punika mripatanipun punapa tuwin pepéranganing panganggé punika ingkang pundi, sampun namung saged tjarjos, nanging boten terang wudjudipun.

Ing mangké Balai Pustaka ngedalaken buku „Gambar printjéning ringgit Purwa” punika, ingkang pikantukipun saja andjembaraken kawruh ing bab ringgit.

Ing pamudji wedaling buku punika mugi mikantukana dateng ingkang sami mi-gunakaken.

BALAI PUSTAKA

## BEBUKA

I. Kagunan kita „Gambar ringgit Purwa“ ingkang prabanipun tansah mantjorong boten naté surem, kesusul djumeḍilipun ringgit Madya, ringgit Gedog, sami watutjal, ringgit Kliṭik, kadjeng, ringgit Ménak, golék kadjeng, ringgit Dupara, watutjal, sapanunggilanipun, punika tetep satunggiling gambaran damelanipun djuru sungging deles ing tanah Djawi, saha mandjing dados jejasan kabangsan, ingkang sakelangkung awig pakirtyanipun, ngantos kēging dipun wastani dādos tetungguling kabudajan Djawi.

Tumrap lijan bangsa gambaring ringgit Purwa punika dipun wastani : barang adēn adēn murni, utawi kagunan murni, tegesipun dipun ngretosi, dipun remeni tuwin dipun sumerepi ing lijan bangsa, tur saged gesang ngantos atusan taun. Mila masarakat inggih ngakeni bilih ing bab punika umuripun langkung pandjang. Dados sampun leresipun manawi kabudajan ringgit Purwa punika kaanggep pusakaning bangsa kita Djawi ing umumipun, saha pantes dipun aosi ing masarakat.

II. Ing ngadujeng nalika dērēng wonten kawruh anggambar, natah tuwin njungging, kagunan gambar ringgit Purwa sampun lair, awudjud retja séla ukir-ukiran wonten ing tjandi-tjandi Panataran, Mendut, Barabudur tuwin sanès-sanèsipun. Sareng wonten tijang saged njerat ing rontal, gambar ringgit ing retja séla madjeng dados gambaran ing rontal tuwin sareng wonten tijang saged njerat ing dlantjang, gambar ringgit ing rontal madjeng santun dados ringgit Bèbèr. Sareng wiwit adegung Karaton nagari Demak, ing taun 1549 gambar ringgit Bèbèr wau ladjeng kabangun malih dados ringgit Purwa, ingkang kadamel watutjal maésa, katatah ngrawit saha kasungging mawi praos ing kala djamanipun para Wali Sunan Giri, Sunan Kalidjaga sago-longanipun, njarengi wiwit kala sumebaripun agami Islam ing tanah Djawi, sinteng-kalan ing tjandrasengkala memet awudjud ringgit Baṭara Guru, akadjeng ungel : „Dewa dadi ngetjis bumi“ ateges taun Djawi 1549 wau.

III. Mengkah kadibjianipun para djuru sungging ing djaman kina ingkang kula sebut para ahli kagunan murni ing tanah Djawi, inggih punika anggēning saged ambangun gambaran ringgit ing retja séla ladjeng dados gambaran ing rontal. Gambaran ing rontal saged kabangun malih dados ringgit Bèbèr, gambaran ringgit Bèbèr binangun malih dados ringgit watutjal Purwa.

Dados kasagedan anggambar wau kēging kula anggē ngukur mengkah inggiling kasagedanipun para djuru sungging ing djaman samanten, tetela sampun langkung inggil.

IV. Samangké kalangkunganipun djuru sungging kala djaman samanten punika badé kula wawas. Ing sakawit para djuru sungging wau sami ađedasar ngenut retja séla ingkang babaranipun awudjud ringgit Bèbèr lan wontenipun ing ringgit watutjal sampun boten mirib saking sakawit.

Ing ngriku tetijang sami saged njumerepi dateng oréan dumadosipun gambaring ringgit Purwa kasebut ing nginggil, dados dradjating djuru sungging kala djaman pu-mijin sampun kēging dipun wastani inggil.

V. Nitik kasagedanipun djuru sungging Djawi kina, anggēnipun saged uwah saking wewanganuning ukir-ukiran retja séla dados ringgit Purwa, boten namung

awewaton wangun kémawon, ugi mawi nilar pangeblakipun ajang-ajangan, mila teturutaning ringgit watjutjal ladjeng béda kalijan teturutaning ringgit Bébér, pratélanipun kados ing ngançap punika :

- a. Teturutaning ringgit Bébér punika taksih andarbèni tabet nadyan lampah-lampahi-pun boten tjeja, djalaran wudjudipun taksih kados sawangan éndah ingkang andarbèni rerenggan gриja-gриja, patamanan tuwin ḍedasar wingking. Tjekakipun taksih saged klebet ing golongan turunan.
- b. Aluraning ringgit watjutjal punika sanadjan klebet ing golongan turunan, nanging sampun anggađahi tatanan gangsal bab kasebut ing nginggil.  
Samangké kula bađé njariosaken bab wanda.

Wanda punika akadjeng wudjud praéaning golongan ringgit satunggal ingkang béda-béda wangunipun. Kadosta Pamadé awanda Pangawé, Pangasih lan wanda Gen-dréh, punika sami béda-béda.

Ardjuna wanda Malatsih, Mangu, Djimat lan Kinanji, punika sami wonten bédanipun.

Gaťutkatja wanda Guntur, Kilat, Tatit, Méga tuwin Mendung. Wanda-wanda punika inggih béda-béda malih, makaten saladjengipun. Dados tembung wanda ing ngriki tegesipun namung dados gambaraning pasemon.

Buku punika minangka katrangan sawetawis tumraping gambar-gambar pritiéning badan ringgit Purwa, awit katrangan ing bab makaten punika dérèng sumrambah. Ing pangadjeng-adjeng sageada dados sesuluh sawetawis tumraping kawruh bab punika.

PANGARANG.

## BAB KADJENGING WANDA LAN KAGUNAN

Ing ngadjeng sampun kapratélakaken tembung wanda tegesipun gambar pasemoning praean.

Wiwit ing kina wontenipun kagunan pađalangan, gambaring ringgit Purwa punika kanggē sarana utawi pirantosipun andongèng. Wontenipun ringgit watjutjal ketinggal kados déné gambaraning tijang, punika boten sanès djalaran kebekta saking dajaning : „Raos kagunan anggambär.” Manawi tijang ningali ringgit watjutjal wonten pakeliran binarung ing swantening gangsa sarta kautjapken ing Kjai Dalang, ing ngriku para ningali sami keraos kedugining manah, tuwin kesengsem njumerepi lelampahaning satunggal-satunggalipun ringgit, déning sagebjaran ketinggalipun kados déné saged molah tuwin saged witjanten pijambak, punika boten sanès djalaran saking dajaning : „Raos kagunan ḫalang”.

Manawi tijang maos buku-buku dongèng, roman, tjarijos ringgit sasaminipun saged kegugah ing manah, keraos seneng, bingah lan susah tuwin sanès-sanèsipun, punika boten sanès djalaran kebekta saking dajaning : „Raos kagunan sastra.”

Dados dajanipun kagunan anggambär, kagunan anđalang tuwin kagunan sastra, ingkang tumandukipun saged anggugah manah bingah, susah tuwin seneng punika, djalaran sadaja wau sami anggabaraken watak lelampahaning ngagesang, boten beda kalijan ningali lelampahaning tijang, utawi ningali lelampahanipun pijambak.

Djalaran saking raosipun lelampahan gesang ing dalem raos kagunan anggambär, kagunan anđalang tuwin kagunan sastra, punika sami kalijan raosipun lelampahan gesang ing dalem lelampahanipun tijang sanès utawi lelampahanipun pijambak, ingkang sadaja wau sami asipat leladjengan tuwin sambet-sumabéti isi awon saé, bingah susah sasaminipun, ing ngriki tijang saweg mangertos, bilih lelampahanipun manungsa ing donja punika isi kagunan warni-warni.

Kosok-wangsulipun saréhning lelampahanipun manungsa ing ngalam-donja punika limrahipun winastan sedjarah kagunan, dados manawi makaten kagunan anggambär, kagunan anđalang tuwin kagunan sastra inggih ladjeng dados satunggiling sedjarah, saha sedjarah wau sami isi lelampahaning ngagesang. Tjekakipun lelampahaning ngagesang, sedjarah, punika sami satunggiling kaéndahan.

## DAJANIPUN KAGUNAN

Tindakipun tijang ahli kagunan punika tansah ngambah ing alam kaéndahan, ngantos boten wonten wekdal ingkang boten kisèn ing tindak éndah, inggih punika sadaja kagunan dedamelanipun, saha kagunan wau sadaja sami saged anđajani dateng masarakat.

Sababipun punapa déné dajanipun kagunan punika saged namani dateng manahipun tijang ?

Ing ngginggil sampun kapratélakaken bilih wanda punika gambaring wewatekanipun manungsa, ingkang boten naté pedjah. Mila gambaraning ringgit Purwa kinten-kinten boten saged pedjah ngantos bêndjing sabudjading djaman, uger watak-wataking manungsa boten éwah. Inggih anggèning boten éwah wau ingkang netepaken dajanipun kagunan mestì saged namani dateng manahipun tijang.

## SILAH-SILAHIPUN WANDA

Awit saking tijang ningali lelampahan ringgit punika raosipun sami kalijān lelampahanipun tijang, mila tijang ningali praéaning ringgit ingkang anggambarakken watekanipun manungsa, punika raosipun inggih sami kalijan ningali wandanipun manungsa.

Wondéné rai ringgit punika péanganipun ageng wonten tigang golongan, kados ing nganđap punika :

1. Manawi rai ringgit irungipun lintjip, tamtu mripatipun lijep, punika anggambarakken tijang abadan anđap alit.
2. Manawi rai ringgit irungipun sembada, tamtu mripatipun keđelén utawi kedondongan, punika anggambarakken tijang abadan pideksa.
3. Manawi rai ringgit irungipun dempok, tamtu mripatipun telengan, punika anggambarakken tijang abadan ageng inggil.

Menggah silah-silahing praéan ringgit tigang golongan ing nginggil punika sadaja wonten ingkang : apatjak tumungkul, wonten ingkang apatjak longok tuwin wonten ingkang apatjak langak.

Wondéné wandanipun praéan tumungkul, punika andarbēni watak sabar, mungkul tuwin sareh dateng sadaja lekasing tindak-tanduk. Mēh kosok-wangsul kalijan ingkang praéan langak. Déné praéan longok watakipun wonten ing antawis langak kalijan tumungkul.

## ANTAWATJANA LAN WANDA

Antawatjana tegesipun lenggahing paketjapan tumrap satunggal-satunggalipun ringgit.

Dalang manawi ngutjapaken ringgit tamtu njawang dateng praéanipun ringgit, kadosta :

Lijepan :

- a. Lijepan luruh, punika swantenipun ageng èntèng.
- b. Lijepan longok, punika swantenipun èntèng.
- c. Lijepan langak, punika swantenipun alit èntèng.

Keđelén :

- a. Keđelén luruh, punika swantenipun ageng sedeng.
- b. Keđelén longok, punika swantenipun tengah sedeng.
- c. Keđelén langak, punika swantenipun alit sedeng.

Telengan :

- a. Telengan luruh, punika swantenipun ageng antep.
- b. Telengan longok, punika swantenipun sedeng (tengah) antep.
- c. Telengan langak, punika swantenipun alit antep.


### Katrangan

Swanten ageng=wilahan noot 2

Swanten tengah=wilahan noot 3

Swanten alit=wilahan noot 6

Mriksanana gambar noot demung sléndro ing ngandap punika :



### NERANGAKEN PÉRANG-PÉRANGANING ADEGIPUN BADAN RINGGIT

Mengkah adegipun sadaja badan ringgit punika satunggal-satunggalipun sami andarbéni péanganan nem prakawis, inggih punika 1. Rai. 2. Sirah. 3. Badan. 4. Tangan. 5. Suku. 6. Sandangan. Satunggal-satunggaling péanganan béda-béda printjénipun.

Wondéné tjara anggèn kula mratéla kaken ratjak-ratjaking printjéneng ringgit sakoṭak, urutipun kados ing ngandap punika:

### NJUMEREPI GOLONGANING RINGGIT

Sarèhning wudjudipun printjén gambar ringgit punika gegajutan kalijan bab sandangan, kadosta: djamang, gelang, dodot sapanunggilanipun, mangka trap-trap-aning sandangan ringgit punika awewaton pangkat kalenggahaning dradjat, kadosta: ratu, satrija, pandita, wadyabala saladjengipun, mila ing ngriki ladjeng gegajutan kalijan golongan ringgit, pratélanipun kados ing ngandap punika :

Mengkah tjetjahipun ringgit sakoṭak ingkang djangkep punika kirang-langkung wonten 300 idji. Ringgit samanten wau saged dipun péangan dados 16 golongan.

1. Golongan déwa.
2. " pandita.
3. " katongan (ratu).
4. " dugangan ageng.
5. " dugangan alit.
6. " putran.
7. " putrén.
8. " bala.
9. " denawa.
10. " keték.

11. Golongan dagelan.
12. " sétanan.
13. " kewan.
14. " dedamel.
15. " prampogan.
16. " kajon (gunungan).

Sadaja punika tumrap ingkang pepeṭan tijang, kedjawi bēda-bēda sandanganipun, peranganing badan inggih bēda-bēda tjerēkipun.

Saladjengipun mriksanana gambar-gambar lembaran.

Gambar lembaran	I. Isi mripatan tuwin irung-irungan.
" "	II. Isi tjangkeman.
" "	III. Isi praéan warni-warni.
" "	IV. Isi praéan denawa.
" "	V. Isi praéan keṭek.
" "	VI. Isi praéan déwa.
" "	VII. Isi praéan warni-warni.
" "	VIII. Isi praéan Kurawa tuwin raseksa.
" "	IX. Isi irah-irahan ing sirah, gelung sapanunggilanipun.
" "	X. No. 1. 2 tuwin 3 isi irah-irahan sirah putri. Saladjengipun gambaring sarira semekanan, mawi kalung tuwin mawi ulur-ulur.
" "	XI. Pepeṭaning gelung satrja warni-warni.
" "	XII. " djangkang, makuṭa tuwin topong.
" "	XIII. " keṭu tuwin gelung putri.
" "	XIV. Kelat bau.
" "	XV. 1 dumugi 6. Dridji warni-warni.
" "	XVI. 1 dumugi 6. Gegeman tuwin gelang.
" "	XVII. 1 dumugi 6. Panganggé tumrap ing badan. 1 Déwa Biwara. 2. Wanara kalung. 3. Wanara ulur-ulur. 4. Wanara sléndang. 5. Wanara praba. 6. Badan wadya.
" "	XVIII. 1 dumugi 6. Panganggé tumrap ing badan.
" "	XIX. 1 dumugi 6. Panganggé tumrap ing badan.
" "	XX. 1 dumugi 6. Badan warni-warni.
" "	XXI. 1 dumugi 6. Sléndang, sarira, ulur-ulur tuwin kalung.
" "	XXII. 1 dumugi 6. Suku warni-warni.
" "	XXIII. 1 dumugi 6. Rapékan tuwin dodot.
" "	XXIV. 1 dumugi 6. Bokongan.
" "	XXV. 1 dumugi 6. Sléndang sapanunggilanipun.
" "	XXVI. 1 dumugi 6. Sumping tuwin djamang.
" "	XXVII. 1 dumugi 6. Kelat bau, kalung tuwin sumping.

Gambar lembaran III, IV, V, VI, VII tuwin VIII. Isi praéan ringgit inggih ratjak-ratjaking rai.

## **Katrangan**

### **1. BAB MRIPATAN**

Manawi tijang ningali gambaring mripatan lijepan, ing ngriku pinanggih wonten warni tiga, inggih punika :

- a. Lijep brebes, suluhanipun garis djedjeg, inggih punika lijepan ringgit umum.
- b. Lijep barak ngirit, suluhanipun garis ragi membat, inggih punika ringgit lijepan kagungan ing Pradja Mangkunagaran, kados wudjuding gambar-gambar ringgit wedalan Balai Pustaka.
- c. Lijep djait, suluhanipun garis malengkung, inggih punika ringgit lijepan kagungan ing Karaton Surakarta, kados déné ringgit ingkang sumimpren wonten ing gedong Museum Sriwedari Surakarta.

GAMBAR I. MRIPATAN TUWIN IRUNG-IRUNGAN.



1. Brebes.



2. Barak ngirit.



3. Djaitan.



4. Kedelén.



5. Kedondongan.



6. Krijipan.



7. Kelipan.



8. Rémbesan.



9. Plilikan.



10. Plérokan.



11. Telengan.



12. Petjitjilan.



13. Plelengan.



14. Kéran.

15. Belis.



1. Ambangir.



2. Sembada.



3. Bungker.



4. Dempok.



5. Mungkal gerang.



6. Njunti.



7. Međang.



8. Njenjang.



9. Njanjik palwa.



10. Irung djanma.



11. Bunder.



12. Nérong.



13. Nemlik.

GAMBAR II. TJANGKEMAN.



1. Damis.



2. Tjopèt.



3. Njawet.



4. Gusèn.



5. Mrèngès.



6. Mringis.



7. Andjebèr.



8. Gugut.



9. Mingkem.



10. Mèsem.



11. Mangap.



12. Ngablak.

GAMBAR III. PRAEAN WARNI-WARNI.



1. Swaladara.



2. Sasadara.




3. Baṭara Sambu.



4. Baṭara Baju.



5. Baṭara Jamadipati.



6. Baṭara Narada.

GAMBAR IV. PRAÉAN DENAWA.



1. Kala Diju.



2. Baṭari Uma.



3. Denawa Tjakil.



4. Kala Dandra.



5. Widjamantri. (Togog).



6. Doréte (Sarawita).

GAMBAR V. PRAEAN KETEK.



1. Sugriwa.



2. Subali.



3. Tjotjak-rawun.



4. Anoman.



5. Djembawan.



6. Anila.

GAMBAR VI. PRAEAN DEWA.



1. Baṭara Girinata.



2. Baṭara Wisnu.



3. Baṭara Asmara.



4. Baṭara Surja.



5. Baṭara Panjarikan.



6. Baṭara Wreka.

GAMBAR VII. PRAEAN WARNI-WARNI.



1. Radèn Palugon.




2. Sapartitala.




3. Puspandjali.



4. Puspandjari.




5. Swalasangka.



6. Swalagati.

GAMBAR VIII. PRAÉAN KURAWA TUWIN DENAWA.



1. Durmuka.



2. Kala Dandaka.




3. Patih Manggala.



4. Kala Mamrang.



5. Prabu Tjandras.



6. Kala Sudikun (Denawa Kobis).


GAMBAR IX. IRAH-IRAHANING SIRAH, GELUNG SAPANUNGGILANIPUN.




1. Gelung praba.




2. Ngoré polos.



3. Ngoré gembel.



4. Ngoré gimbal.



5. Ngoré uðalan.



6. Uðalan gimbal.


GAMBAR X. GELUNG SAHA PANGAGEMAN PUTRI.



1. Gl. Putri gondèl.




2. Gl. Putri keling.




3. Gl. Putri makuta.



4. Putri sarira.



5. Putri kalung.




6. Putri ulur-ulur.

GAMBAR XI. GELUNG SATRIJA WARNI-WARNI.




1. Gelung polos.




2. Gelung léléh.




3. Gelung keling.



4. Gelung minangkara.




5. Gelung sanggan.




6. Gelung gembel.

GAMBAR XII. D'ANGKANG, MAKUȚA TUWIN TOPONG.



1. Djangkang polos.



2. Djangkang lungsēn.



3. Djangkang praba.



4. Makuṭa.



5. Topong.



6. Topong makuṭa.

GAMBAR XIII. 1,2,3. KETU. 4,5,6. GELUNG PUTRI.



1. Ketu déwa.



2. Ketu pandita.



3. Ketu udeng.



4. Gl. Putri polos.



5. Gl. Putri udal.



6. Gl. Putri sekar.

GAMBAR XIV. 1 DUMUGI 6. KELAT-BAU.




1. Kelat-bau.



2. Kelat-bau bala.



3. Kelat-bau Séna.



4. Kelat-bau denawa.



5. Kelat-bau kiwa.



6. Kelat-bau radja denawa.

GAMBAR XV. 1 DUMUGI 6. DRIDJI WARNI-WARNI.




1. Dridji djanma.




2. Dridji wanara.



3. Dridji raseksa.



4. Pantjanaka kiwa.



5. Pantjanaka tengen.




6. Tuding dagelan.

GAMBAR XVI. GEGEMAN TUWIN GELANG.



1. Gegeman dagelan.



2. Gegeman denawa.



3. Dridji dagelan.



4. Gelang putran.




5. Gelang dagelan.



6. Gelang wadya.


GAMBAR XVII. PANGANGGE TUMRAP ING BADAN.




1. Déwa birawa.




2. Wanara kalung.




3. Wanara ulur-ulur.



4. Wanara Sléndang.




5. Wanara praba.



6. Badan wadya.

GAMBAR XVIII. PANGANGGE TUMRAP ING BADAN.




1. Badan bunguk.




2. Dewa radja.




3. Satrija birawa.



4. Birawa ulur-ulur.




5. Birawa lugas.




6. Birawa radja.


GAMBAR XIX. PANGANGGÉ TUMRAP ING BADAN.



1. Badan pandita.




2. Ditya prepat.




3. Ditya radja.



4. Ditya radja nénéman.




5. Déwa kesepuhan.



6. Badan Semar.


GAMBAR XX. BADAN WARNI-WARNI.



1. Badan Bagong.




2. Badan Narada.



3. Badan Togog.



4. Badan Tjantrik.




5. Badan Limbuk.



6. Badan Jamadipati.


GAMBAR XXI. SLÉNDANG, SARIRA, ULUR-ULUR TUWIN KALUNG.




1. Putri sléndang.




2. Putri rasukan.




3. Satrija sarira.



4. Putran sarira.




5. Ulur-ulur sarira.



6. Kalung praba.


GAMBAR XXII. SUKU WARNI-WARNI.



1. Suku bambang.



2. Suku putran.



3. Suku katongan.



4. Suku Séna



5. Suku denawa raton nénéman.



6. Suku denawa raton.

GAMBAR XXIII. RAPÉKAN TUWIN DODOT.



1. Rapékan bala.



2. Rapékan.



3. Dodot putrén.



4. Rapékan pandita.



6. Rapékan dagelan.



5. Rapékan dagelan.

GAMBAR XXIV. BOKONGAN.



1. Bokongan putra.



2. Bokongan satrija.



3. Bokongan raton.



4. Bokongan lebekan.



5. Bokongan rapékan.



6. Bokongan déwa.

GAMBAR XXV. SLÉNDANG SAPANUNGGLANIPUN.



1. Sléndang putri.




2. Sléndang djaler.




3. Sabuk badong.



4. Manggaran.



5. Untjal.



6. Dodot.

GAMBAR XXVI. SUMPING TUWIN DJAMANG.



1. Sumping gadjah ngoling.




2. Sum. sekar kluwih.



3. Djamang polos.



4. Djamang topong.




5. Djamang pogog.




6. Djamang makuta.


GAMBAR XXVII. 1 DUMUGI 6. KELAT-BAU, KALUNG  
TUWIN SUMPING.



1. Kelat-bau.




2. Gl. Tjandrakirana.




3. Kalung putra.



4. Garuḍa mungkur.



5. Sumping Radjamala.



6. Sumping waderan.

## SERAT PADALANGAN RINGGIT PURWA

Serat padalangan ringgit Purwa djilid I tuwin djilid II sampun kaetjap rambah-rambah tansah telas, punika nandakaken manawi dipun renani ing ngakatah. Ing sapunika buku wau sampun dipun etjap malih.

Isinipun buku djilid I :

1. Lampahan Ngruna-Ngruni.
2. .. Watugunung.
3. .. Mumpuni.
4. .. Amikukuhan.
5. .. Stimahapunggung. (Sri Sadana).
6. .. Baṭari Sri mulih.
7. .. Purwakala (Murwakala).

Isinipun buku djilid II.

1. Lampahan Sang Hjang Wisnu krama.
2. .. Bramana Bremanji.
3. .. Manumajasa rabi.
4. .. Bambang Kalingga.
5. .. Djamurdipa.
6. .. Palasara lair. (Sakri rabi).
7. .. Bagawan Palasara krama.
8. .. Déwabrata rabi.
9. .. Lairipun Panḍu.

Sadaja mawi rinengga ing gambar ringgit ingkang katjarioes ing lampahan.